

Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens
56, Ri Pikan ak Lama
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
justicepaixha@yahoo.com
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Vyolans nan lari zòn metropolitèn Pòtoprens lan
Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince

JE WE,
BOUCH FÈT POU PALE

Mwa Avril rive Sèktanm 2014

51-52

Texte en français : voir pages 3, 7-25
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source

Lèt toulouvri

Lettre ouverte

Pòtoprens 19 desanm 2014

Lèt toulouvri pou tout Otorite Sivil, Otorite Lajistis ak Lapolis nan peyi a

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidiosèz Pòtoprens, salye n ak anpil respè. Se ak anpil preyokipasyon l ap prezante nou **51yèm ak 52zyèm rapò** sou kesyon vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sila yo rann kont sou vyolans ki te fèt soti **mwa avril rive mwa sektanm 2014**.

Pandan de (2) trimès sa yo nou konstate reyalite vyolans lan ki toujou rete tennfas nan zòn metwopolitèn nan. Sitou moun ki mouri ak bal vin pi plis.

Yon lòt reyalite ki enkyete n anpil, se aktivite tout kalite gang ak gwoup ak zam ki vin pi plis. Popilasyon an viktim aktivite sa yo. Ensekirite a pa sèlman yon antrav pou gwo bizniz pa vini nan peyi a, jan Gouvènman an ap klewonnen toutan. Gwo biznis yo gen fason pa yo pou pwoteje tèt yo. Nou konstate se sitou ti pèp la, ti machann yo, gason kou fanm, sa yo rele sektè enfòmèl la, sa yo pa konsidere an jeneral, ki sibi: se li yo vòlò afè l, se li k konte plis viktim pam "moun yo pa janm rive idantifye".

Plis toujou, nou konstate, anpil temwayaj ale nan sans sa a, jan anpil otorite, polisye ak politisyen mele nan zak vyolans. Yo pwoteje chèf gang, yo genyen relasyon ak gwoup ak zam pou jwenn enfòmasyon, yo sèvi ak yo pou kontwole katye popilè yo, yo ta menm bay yo zam ak bal.

Tou sa fè n wè nou pa kapab konprann vyolans nan zòn metwopolitèn nan san n pa gade reyalite politik peyi a. Sa vle di tou, pou n amelyore sitiyasyon vyolans la, pou kreye yon klima sekirite, fòk tout moun ki nan zafè politik konprann reskonsablite yo pou travay pou sa ki nan enterè kominote a ak peyi a toutbon. Politik dwe sispann yon chan batay pou pouvwa. Politik dwe tounen yon aktivite kote moun ak konviksyon ak moralite travay pou sa ka fè peyi a leve tèt li epi fè pwogrè.

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè remèsyé tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki nan rapò sa a, tankou Lopital Inivèsite Leta d Ayiti (HUEH) ak Polis Nasyonal d Ayiti (PNH). Komisyon an di nou mèsi pou bonjan atansyon n ap bay 51yèm ak 52zyèm rapò sa a.

Komisyon an déjà swete nou yon bon fèt Nwèl, kote tout moun youn ap swete lòt Lapè. Nou swete nou tou yon bòn ane 2015 ki louvri plis espwa Lavi ak Kè Kontan pou pèp nou an.

Lettre ouverte aux Autorités Civiles, Judiciaires et Policières du pays.

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix de concert avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince, vous salue avec beaucoup de respect. C'est avec un sentiment de préoccupation qu'elle vous présente son **51^{ème} et 52^{ème}** rapport sur la violence dans la zone métropolitaine qui couvre la période allant d'avril à septembre 2014.

Nous constatons que la violence dans la zone métropolitaine reste inchangée. Le nombre de victimes par balles a même augmenté.

Un autre fait qui nous inquiète fortement, est la recrudescence de l'activité d'un nombre de gangs et groupes armés. La population en est la victime. L'insécurité n'empêche pas seulement les investissements d'entrer dans le pays, comme le Gouvernement le répète constamment, bien que le gros business dispose de ses propres moyens pour se protéger. Nous sommes témoins comment le petit peuple surtout, les simples marchands et marchandes, ce qu'on appelle le secteur informel, ceux qui n'ont pas de quoi se défendre, en sortent victime : on vole leurs affaires ; ce sont ces gens « qu'on n'arrive pas à identifier » quand ils tombent victimes.

Plus toujours, selon nos constats et des témoignages, des autorités, policiers et politiciens de tendances diverses sont impliqués dans les actes de violence. Ils protègent les chefs de gangs, ils entretiennent des relations avec eux pour obtenir des informations, ils font appel à leurs services pour contrôler les quartiers populaires, ils leurs procureraient même des armes et munitions.

Cela permet de comprendre comment il est impossible de saisir la violence urbaine sans se rendre compte de la réalité politique du pays. Cela signifie également, qu'aucune amélioration de la situation sécuritaire ne soit possible sans que ceux et celles qui sont impliqués dans la politique du pays ne prennent leurs responsabilités pour travailler vraiment dans le sens de l'intérêt commun. La politique ne devrait plus continuer à être un champ de bataille pour le pouvoir. La politique doit devenir une activité à travers laquelle des gens avec conscience et moralité s'engagent pour que le pays puisse se lever la tête.

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix remercie les responsables des services de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations comme l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti et la Police Nationale d'Haïti. La Commission vous remercie du bon accueil que vous réserverez à son 51^{ème} et 52^{ème} rapport.

La Commission vous souhaite déjà une bonne fête de Noel, fête où tous et toutes souhaitent la Paix. Nous espérons également que l'année 2015 ouvrira des perspectives et une espérance de Vie et de Bonheur pour notre peuple.

Mme Jocelyne Colas NOEL, Directrice Nationale

Jocelin RENORD, Secrétaire Général Jilap Achipo

Me Rovelsond APOLLON, Responsable d'observation

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens


Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

Mwa avril rive jen 2014

		Mwa avril 86 viktim	Mwa me 82 Viktim	Mwa jen 106 viktim
a. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		2 polisyé	2 polisyé	-
Fanm ki viktim		10 fanm	11 fanm	7 fanm
Timoun ki viktim		1 timoun	-	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		26	14	13
b. Sou lakkòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		57	66	103
	Moun ki mouri ak ballapolis/ Minustah	1	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	2	-
	Moun ki mouri ak balbandi ki nan gang	12	6	3
	Viktim afwontman ant gang	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	44	57	100
Moun ki touye tèt yo		1	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		1	1	1
Moun ki mouri nan aksidan		6	6	2
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		21	10	-
c. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò ⁿ Nasyonal ak Solino		1	3	2
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		5	7	3
Zòn Kafou		13	6	15
Gran Ravin ak Matisan		3	1	3
Petyonvil, wout Frè		4	7	4
Yo pa konn zòn nan / mouri lospital		28	22	10
d. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

Mwa jiye rive sektanm 2014

		Mwa Jiyè 98 viktim	Mwa Out 98 Viktim	Mwa Sektanm 113 viktim
e. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		1	2	1
Fannm ki viktim		7	8	20
Timoun ki viktim		-	-	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		26	33	48
f. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		80	85	97
	Moun ki mouri ak ballapolis/ Minustah	-	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	1	-	-
	Moun ki mouri akbalbandi ki nan gang	9	9	14
	Viktim afwontman ant gang	-	-	-
	Moun ki mouri akbalnèg ak zam yopa rive idantife	70	76	83
Moun ki touyetèt yo		2	-	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		1	2	-
Moun ki mouri nan aksidan		7	3+1+3	12
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		8	4	4
g. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		5	4	5
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		3	14	18
Zòn Kafou		17	15	13
Gran Ravin ak Matisan		7	-	5
Petyonvil, wout Frè		6	5	7
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		14	16+3	8
h. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		-	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-



Tablo sa a bay pou chak mwa konbyen moun ki mouri ak bal.

Nou pa mete sa yo pa konn kòz lamò a ak sa k mouri nan aksidan.

Sa vle di, se sa n konnen nou mete. Reyalite a dwe pi wo.

Nan mwa jen, pou sa n konnen chif la depase 3 viktim ak bal chak jou.

Nan twa dènye mwa yo nou wè chif moun ki viktim yo monte chak mwa.

Ce tableau donne pour chaque mois le nombre de morts par balles.

Les cas où la cause de la mort est inconnue ne sont pas inclus, tout comme les victimes du trafic routier.

Il s'agit donc des cas connus. Les chiffres sont plus élevés en réalité.

Au mois de juin, le nombre de victimes connues dépasse 3 victimes par jour.

Pour les trois derniers mois, la tendance est bien à la hausse.

Analiz ak kòmantè sou rapò 51 ak 52 Sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan

Sa k atire atansyon n pandan de (2) trimès sa yo

Pandan sis mwa depi dènye rapò a, nan mwa avril rive sektanm 2014, Komisyon Jistis ak Lapè (CE-JILAP) te dokimante **583 ka moun ki viktim vyolans, 488 nan yo mouri ak bal. Sa vle di 2.6 viktim ak bal chak jou. Nan peryòd 3 mwa anvan an te genyen 269 viktim, pami yo 202 ak bal. Sa vle di 2.2 viktim ak bal chak jou.**

Nou dwe di tou, nan 47 ka, yo pa t fè konnen ki sa k touye moun nan. Men li klè, se bal ki premye zouti k ap touye moun ak vyolans nan zòn metwopolitèn nan.

Vyolans ak zam se bagay serye nan kapital peyi d Ayiti. Gen plizyè faktè ki pèmèt li devlope; gen zafè politik ak sosyal. Sityasyon politik la sèvi anpil ak vyolans tankou zouti li pi renmen pou reyalize enterè klan yo. Eske nou blije kwè, yo kondane Ayiti pou l rete toutan nan enstabilite politik, ki fè pa kab gen devlòpman sosyal ak ekonomik? Eske politisyen nou yo pa gen kapasite pou kondui peyi a sou wout lapè, jistis ak pwogrè? Lè n gade byen gade n ap rive wè ki jan zafè vyolans se yon bagay yon seri gwoup politik, oswa gwoup ki mare ak youn ou lòt tandans politik ap òganize epi kontwole.

Komisyon an gen kè sote pou jan l wè pwopagann politik dirijan yo ap jwe ak sityasyon ensekrite peyi a ap viv. Pakèt zam ki genyen nan men diferan sektè nasyon an pou asire enterè gwoup, se bagay ki fè moun pè epi k ap menase byen viv ansanm anndan kominote a.

N ap fè sonje yon seri evènman enpòtan ki te rive nan dènye sis mwa sa yo.

- ✓ Nan Sant vil kapital la, plizyè gwoup nèg ak zam ap blije moun fè sa yo menm yo vle pou kontwole aktivite komès yo, kote machann yo, fanm kou gason, tounen premye viktim. Yo atake yo, fè yo sibi menas, yo touye plizyè nan yo pou yo kapab pran sa yo genyen nan men yo.

Gade sa k pase nan mache Croix des Bossales, nan Boulevard Lassaline, nan Rue des Césars, Rue des Fronts Fort, Rue Traversières, Rue des Remparts, Rue Courbes, Rue des Miracles, Rue Pavée, Rue du Quai. Bandi asasiné apeprè 80 moun ; 10 nan yo tonbe nan yon sèl jou, 25 sektanm 2014, jou kote anpil san koule, poutèt lagè ki genyen ant gang. Madan Sara yo ki nannan kòmès pwodui agrikòl nan peyi a,

kòmèsan an gwo, moun k ap achte ansanm ak chofè, yo tout yo viktim vyolans gang yo ki mare tou ak moun k ap travay nan lameri Pòtoprens.

- ✓ Depi plizyè mwa katye Simon-Pélé tounen sèn pou vyolans gang k ap fè lagè antre yo. Pou piti 11 moun mouri, pamí yo, genyen yon polisyè **Emmanuel Valsaint, yo touye epi yo boule kò l ak tout machin li**. Anpil moun tou blije kite zòn nan. **Gang sa yo aji anba pwoteksyon kriminèl kèk politisyen ap bay yo, epi ta gen polisyè ki soutni youn nan yo. Baz 117, yo te deloje nan Dèlma 2 ak 4, ta nan orijin lagè sila a.** Jou ki 4 daou 2014, Komisyon an te ekri yon lèt bay Direktè Jeneral Lapolis la pou denonse sitiayson ensekirite nan katye sa yo.
- ✓ Tout moun konnen zòn Gran Ravin, tankou yon peyi kote genyen vyolans ak tansyon toutan. Yon bann kriminèl kontwole zòn nan, li gen selil k ap travay nan plizyè kote nan zòn metwopolitèn an, epi k ap ramase kòb. Nou pa kab blije ki jan gwoup bandi sa a mele nan asasinay ki te fèt sou **fanmiy Daniel ak Gerldy Larèche Dorsainville, yon krim ki rete san yo pa t pini l jouk jodi a.** Polisyè yo ki nan zòn nan pa gen anpil posiblite pou fè kichòy, epitou, lavi yo anba menas toutan. Jou ki 24 jiye 2014, yo te asasinen chèf puisan gang sila a Ti Kenkenn, pandan li t ap fete anivèsè l nan gwo banbòch. Se yon èd li, (lyetnan) **Dòy**, ki touye l ak bal. Kèk semenn annapre, limenm tou tonbe anba bal yon lòt chèf ki rele Tèt Kale. Men yo tout fè pati gwo rezo kriminèl sila a k ap aji nan diferan kwen nan kapital la.
- ✓ Nan Matisan 25, jou ki 21 sektanm 2014, bandi sou moto te asasinen yon chèf gang ki rele **Pierre Richard Mulus, ki gen tinon Kansonfè. Twa (3) fanm te ansanm ak li, yo mouri tou.** Tout endikasyon fè kwè se ta yon règleman kont.
- ✓ Nan katye Belekou nan Site Solèy, nan maten samdi 23 daou 2014, bandi ki nan yon **gwoup kriminèl ki mare ak politisyen, te touye san pitye 5 moun; te gen yon fanm nan mitan yo.** Selon enfòmasyon yo, zak sa a fèt pou kontwole yon seri katye nan Site a.
- ✓ Nan lis sa a, nou dwe mete tou pakèt atak k ap fèt sou moun. Sitou lè moun sòti nan labank yo viktim fasil. Konsa, nan dat 12 jen 2014, bandi sou moto t ap swiv epi atake yon fanm ki te retounen sòti nan yon bank nan sant vil la. Te genyen anpil tire nan moman yo te vle pran lajan an, epi youn nan bandi yo mouri. Sa te lakòz anpil panik nan katye Sen Jera nan Pòtoprens. Nou dwe di, pa gen anpil

sekirite nan zafè bank yo ak mezon chanj yo. Moun yo kanpe nan lari pandan y ap tann tou pa yo; pa gen diskresyon nan gichè yo: tout moun kapab wè tout bagay. Tout sa montre: pa gen bon sèvis pou kliyan yo nan bank yo. Otorite yo tou reskonsab paske yo pa di ki mezi sekirite bank yo dwe pran.

Gen anpil batay ak lagè ant gang nan zòn metwopolitèn nan, nan plizyè katye : Site Solèy, Simon-Pele, Lasalin, Dèlma 2, Gran Ravin, Wout Dal, Wout Ray, 2zyèm Avni Bolòs, Fò Mèkredi, Savann Pistach, Vilaj Dedye, Site Letènèl, Kafou Fèy, men gen lòt katye toujou. Plizyè zòn nan kapital la, se pa lapolis k ap kontwole yo, paske li gen anpil difikilte pou rive nan yon kantite polisye ki sifi epi ki konpetan pou reponn bezwen kapital la genyen. Nou pa pale sou jan kesyon an poze nan rès peyi a.

Lapolis pokò janm reyisi bay tèt li yon plan efikas pou konbat epi pou anpeche vyolans kriminèl yo k ap fè zak pa fèt. Sitwayen yo pa santi jefò Lapolis ap fè a. Okontrè, gen sitiyasyon kote manm nan enstitisyon lapolis la konplis. Konsa, lapolis sèvi ak gang yo pou jwenn enfòmasyon nan men yo; sa vle di tou: li blije pwoteje kriminèl yo k ap bay enfòmasyon. Krim nan tounen yon bagay banal.

Konsèy Siperyè Lapolis Nasyonal la se yon ògàn enpòtan pou mete sou pye yon vizyon ak yon politik sekirite efikas pou peyi a. Konsèy sa a plis aji tankou yon ògàn politik, li pa ase teknik. Premye Minis, Minis Lajistis, Minis Enteryè se moun politik yo ye, yo destabilize enstitisyon Lapolis la, ki ta dwe yon chapant solid pou konstwi sekirite nan peyi a. Direktè Jeneral Lapolis se egzikite li egzekite sèlman.

Rapò 51-52 sila a atire atansyon n sou jan vyolans la mare ak politik la. Nan diferan nivo Leta, gen otorite k ap soutni gang yo, k ap bay zam ak bal (oswa minisyon). Gen otorite ki mele, men yo pa gen dwa arete yo, paske yo jwi iminite. Gen pati politik tou ki konn mele nan zam ak vyolans. Si pa genyen yon vrè volonte politik, si yo pa pratike valè etik, onètete ak transparans nan politik la, nou pa wè ki jan sitiyasyon an ap kapab chanje rapidman.

Lajistis ak Lapolis dwe garanti sekirite siwayen ak sitwayèn yo. Yo dwe konbat enpinite a ki kenbe peyi a nan yon labou. Gouvènman an atravè Ministè yo dwe genyen politik piblik ki montre ki jan y ap reyalize sa k nan enterè popilasyon an menm, yo dwe kreye fondman pou jistis sosyal la, ki sèl fondasyon pou yon lapè sosyal reyèl k ap dire.

Trafik woutye

Pandan 6 mwa n ap gade yo, 40 moun mouri nan aksidan sikilasyon. Komisyon Jistis ak Lapè kontinye montre otorite yo reyalite trafik woutye a ki tris anpil. Pa gen jou ki pase san pa gen aksidan grav sou wout yo, kote k gen moun mouri oswa ki blese. Sa ki lakòz sa se mank disiplin bò kote chofè yo, se mank òganizasyon, mank règleman ak kontwòl bò kote otorite yo. Pou di tout verite, otorite yo tou patisipe pou pa gen disiplin, pou gen dezòd ak aksidan sou wout yo.

Pa gen anpil ankèt ki fèt pou detèmine ki sa ki lakòz pakèt moun ki mouri sou wout nou yo. Pa gen anpil desizyon otorite yo pran ki dire pou rive nan rezulta toutbon. *Gade nòt laprès Komisyon an te fè nan dat 13 oktòb 2014, kote li te denonse sitiyasyon sa a ki montre mank respè pou moun nan trafik la.*

Asasina ak zam blanch

Pandan 6 mwa n ap gade a, nou kontre **sèlman 6 ka moun yo asasiné ak zam blanch**. Sa ta montre ka jistis popilè diminye anpil. Ki jan pou konprann sa? Eske moun yo pran konsyans pi plis oubyen èske popilasyon an fè Lajistis konfyans pi plis? Eske jistis popilè fèt pi plis ak bal olye li fèt ak zam blanch? Antouka jistis popilè ak egzekisyon somè se gwo vyolasyon dwa moun yo ye.

Moun mouri, san yo pa konnen ki sa k lakòz

Nan menm peryòd la, 47 moun mouri san n pa rive jwenn ki sa k lakòz ak sikonstans lamò yo. Pou plizyè lòt ka, nou pa rive konnen ki kote yo te jwenn kadav (47 ka) oswa yo pa t jwenn anyen pou idantifye moun nan (140 ka). Komisyon an pa sispann analyze ka sa yo pou mande plis klate pou pèmèt Lajistis reyalize ankèt ki efikas. Pwosevèbal jij depè yo ap fè manke klè, yo pa presi. Otopsi kadav yo pa janm fèt epi ankèt yo pa janm abouti. Lè n konsidere yo pa reyisi endike ki sa k lakòz lamò viktimo, sa montre tou anpil fwa yo pa aplike sa ki ekri nan atik **34** Kòd enstriksyon kriminèl la, ki di: “*Si se pou yon lanmò ak vyolans, oswa pou yon lanmò kote kòz la pa klè oswa li sispek, komisè Gouvènman an ap mande youn ou de medsen, medsen chirijyen oswa ofisyel lasante pou vin asiste l. Yo menm y ap fè pwòp rapò yo sou sa ki lakòz lanmò a ak eta kadav la. Moun yo mande yo ap prete sèman devan komisè a pou fè rapò yo epi pou bay avi yo selon onè yo epi ak konsyans.*”

Pou tout rezon sa yo laverite pa janm blayi, epi yo kapab komèt zak kriminèl ak tout enpinite.

Kèk refleksyon

Vyolans kriminèl, vyolans politik ak vyolans nan moman eleksyon : twa bagay k ap toufe Leta dedwa ak demokrasi nan peyi d Ayiti !

Vyolans rete yon menas pou chak moun epitou pou lavi nan kominate a. Sosyete peyi d Ayiti a konnen anpil pwoblèm ki kapab destabilize li, lè yo pa trete yo kòm sa dwa. Yo dwe adrese diferan pwoblèm yo yon fason kòrèk pou tabli yon lapè sosyal k ap dire.

Pou devlope domèn sosyal la yon fason reyèl, chak sosyete bezwen yon seri chapant ak enstitisyon ki asire avni l. Anndan sosyete a tou, yo dwe fè moun konnen yon fason repibliken pou gade l, pou sitwayen ak sitwayèn yo genyen menm fason yo wè sa k nan enterè nasyon an, ansanm ak diferan prensip ak valè ki kab ede pou fòme moun ayisyen jounen jodi a.

An jeneral, lè yo etidye ki jan sa ye nan vil yo nan peyi Amerik Latin ak Amerik Santral yo, yo makonnen vyolans ak diferan reyalite. Se konsa, *InSight Crime* (28 novanm 2014) yon jounal k ap etidye kesyon an ap analize koze a. Men ki sa k fè vyolans vin pi plis nan vil yo :

- Mache (oswa komès) dwòg la k ap grandi chak jou pi plis.
- Organizasyon kriminèl yo ki rive divize pi plis, konsa, yo rive mennen aktivite kriminèl nan plis kote. Sa gen awè ak dwòg la tou.
- Yo sèvi ak gwoup kriminèl yo pou pwoteje wout yo kote dwòg la dwe pase.
- Lagè sivil ki te genyen nan plizyè peyi nan zòn nan, kite dèyè gwoup ak zam ki brital anpil.
- Epi genyen koripsyon ak kriminalite ki antre pi plis nan gouvènman lokal yo.

Nan analiz jounal la fè a, Pòtoprens okipe 49yèm plas pami vil yo ki genyen pi plis vyolans ladan l sou kontinan an, epi gen 30.03 krim chak lane pou chak 100.000 abitan. Chif yo toupre ak sa Komisyon an jwenn. Men se pa konsa Komisyon an analize vyolans la, paske dwòg la pa gen tout plas sa a. Okontré, n ap mete plis aksan sou :

- Reyalite mizè, chomaj ak travay ki pa genyen, fè genyen anpil fristrasyon pami moun ki majinalize yo, lè yo wè tout gaspiyay moun rich yo ap fè. Ak sa nou pa di

se pòv yo ki plis pratike vyolans. Okontrè. Fè vyolans tou, achte zam ak bal, koute chè. Men lamizè ak fristrasyon pèmèt vyolans mete pye pi fasil nan katye popilè yo.

- Nan analiz la n ap mete anpil aksan sou koze politik la ki pafwa tounen yon vrè antrepriz kriminèl, tèlman moun k ap fè politik yo sèvi ak li, pou kontwole popilasyon an kote ki gen anpil moun pou enterè epi pou asire ap gen kliyan politik pou lè gen eleksyon. Pou gang kriminèl yo, vyolans la tounen yon sous richès ak avantaj ekonomik.

Sa vle di tou : pou asire dwa moun genyen pou jwi sekirite fizik anndan katye popilè yo, dwe genyen yon volonte politik lakay aktè politik yo ki nan Leta ak nan pati politik yo tou ; yo dwe montre yo deside konbat vyolans kriminèl la, yo dwe asire yon vrè devlòpman ekonomik ki mennen jistis sosyal, yo dwe adopte yon seri pratik politik ki konsidere enterè reyèl tout sitwayen yo, sa yo rele byen komen kominate a, olye y ap chèche ti avantaj mesken pou pwòp tèt pa yo.

Ki jan pou konprann zafè vyolans kriminèl la nan peyi d Ayiti ?

Ayiti se pa peyi kote k gen pi plis vyolans sou kontinan Amerik Latin oswa nan Karayib la, kote gen krim òganize ak gwo vyolans epi se dwòg la ki mèt la.

Se vrè, vyolans kriminèl la ap devlope ak yon vitès k ap enkyete moun. Gwoup ak zam ap òganize tèt yo chak jou pi plis, epi yo montre yo gen gwo kapasite pou aji ki depase Lapolis nasyonal, paske yo kontwole diferan sektè aktivite nan peyi a. Diferan aktivite kriminèl yo (tankou kidnapin – ki pi konsekan pase zafè dwòg) pèmèt yo fè anpil benefis, epi kòb sal sa a, yo kapab mete l nan lòt aktivite ki rapòte lajan, men sitou, yo sèvi ak li pou achte zam ak bal k ap ranfòse pouvwa gwoup ki gen zam yo.

Komès dwòg, zam ak bal nan peyi a fèt sitou nan rezo sektè mafya (oswa kriminèl) ap kontwole yo, souvan menm yo genyen enfliyans sou otorite Leta yo. Yo toujou te akize oswa sispèk pou tout Gouvènman yo, depi anba diktati Divalye yo, konplis ak trafikan dwòg yo. Men pou di vrè, trafik sa yo fèt yon fason diskrè, se tanzantan youn ou lòt evènman parèt aklè sou fòm yon eskandal.

Aktivite bandi yo destabilize sektè ekonomik la anpil. Li fè devlòpman peyi a pa kab fèt, sitou devlòpman ekonomi fòmèl la, paske envèstisè refize vini. Men tou, sektè enfòmèl la sibi anpil. Katye popilè kote moun malere ki pa gen gwo mwayen ap viv, se gang ak

zam k ap kontwole yo totalman. Moun yo ap viv nan laperèz pou yo pa touye yo. Gen de (2) rezon ki esplike pou kisa gang yo ap kontwole site popilè yo konsa.

1. Gen yon rezon estratejik ;
2. Gen yon rezon politik.

Rezon estratejik

Estrateji gang yo genyen, se pou fè lòt moun pa antre nan katye popilè yo, epi pou fè Leta rete absan nan diferan nivo. Site yo se yon lòt peyi, moun yo pa kab viv ak diyite. Moun k ap viv nan site yo ap mete tèt yo anba gang yo pou jwenn pwoteksyon yo. Se yo ki pwoteje moun yo kont gang k ap batay youn ak lòt ak kont lapolis ki vle antre ak fòs.

Rezon politik

Gwoup ame yo ap manipile moun yo, yo pran sa yo genyen epi sa rapòte lajan pou chèf yo. Toujou, gang yo kreye yon espas pou fè dyalòg ak negosyasyon ak pati politik yo oswa ak otorite Leta yo pou jwenn lajan nan men yo, paske site sa yo ki gen anpil moun ladan yo, se yon rezèv moun ki kapab enflyanse eleksyon yo ; sa vle di fòk ou jere yo byen.

Vyolans kriminèl la mare ak enterè politik yo. Sa se yon bagay ki nwizib anpil pou avni peyi a : paske se vyolans kriminèl, epitou paske li vin mare ak politik la. Eske nou dwe kwè pou Ayiti ap vin sanble ak peyi Somali, si pa genyen yon vizyon sou sekirite peyi a ki reponn egzijans sosyal ak ekonomik peyi a genyen ?

Ki jan pou konprann vyolans politik la ?

Ayiti ap soufri anba enstabilite politik k ap retounen tanzantan. Peyi a pa reyisi mete sou pye yon seri chapant estab. Politik la fèt andeyò sa lalwa mande, se sa k fè li pa kab evolye nan sans yon Eta dedwa. Toutan y ap pase akote règ ak atik Konstitisyon an mete devan n, olye se negosyasyon ak pale anpil politik ki pran devan, men yo menm pa chèche amoni ak sa k bon pou popilasyon an.

Lafyèv politik sa a antre nan tout jan sosyete ayisyen an ap fonksyone; li make relasyon yo pam i moun, men sitou jwenn ak mefyans ki gen nan mitan moun yo. Anbiyans ki genyen an, se toujou konfwontasyon ki travèse l. Rapò yo ant elit politik yo ak popilasyon an pa kòrèk, paske y ap chèche yon objektif politik ak yon avantaj touswit sèlman.

Pratik politik yo ap divize peyi a chak jou pi plis, epi yo mennen konfwontasyon kote moun vle elimine youn lòt. Ayiti sanble ak yon bato ki nan mitan lamè a, moun ki anndan l se pwòp ptit li yo ki youn vle touye lòt; yo blye si Ayiti pa la, yo menm tou gen pou disparèt!

Politik la se kapasite moun genyen pou gouvènen epi pou byen jere Leta a. Politik se jesyon sa k nan enterè tout moun. Vyo lans politik la k ap dire epi nou te dekri sa k mennen l, kokobe devlòpman sosyete a. Sityasyon vyolans ak mank reskonsablite ap dominen lespri ak lavi sitwayen ayisyen yo. Rezilta tout sa se mank pwodiksyon nasyonal pou pakèt moun ki genyen, gwo inegalite sosyal k ap fè eskandal, sityasyon ekonomik la se katastwòf, tout moun santi ensekirite devan sa k ap pase denmen, paske yo pa wè si ap gen chanjman anvan lontan.

Se yon bagay ki prese : politik la dwe fèt nan respè pou diyite moun genyen, anfavè tout ptit peyi a.

Eske eleksyon se yon bagay ki nan avantaj peyi a?

Pou òganize eleksyon nou dwe gade si sistèm politik la byen chita. Kounye a, eleksyon, ki pou montre peyi a granmoun tèt li epi l ap fonksyonne yon fason demokratik, se yon melimelo pou otorite ak politisyen nan peyi d Ayiti.

Ki jan pou n konprann renouvre enstitisyon yo nan eleksyon ki toujou yon gwo defi depi n egziste kòm pèp ? Konstitisyon 1987 la prevwa plizyè eleksyon ki chak fwa tankou yon egzèsis pratik pou avanse sou wout demokrasi, ak patisipasyon sitwayen yo nan zafè pran desizyon.

Nan moman sa a, y ap gaspiye plizyè milyon dola vèt pou òganize eleksyon san sitwayen yo pa patisipe ladan l. An menm tan y ap mete plizyè milyon dola deyò nan katye populè yo, pa pou pèmèt popilasyon an patisipe ak konprann, men pou blije moun vote anfavè moun ki pa gen okenn lide ou vizyon pou kominate a. Sa fèt ak zam, ak vyolans.

Ki sa k lakòz eleksyon vini ak plis kriz pase yo pote solisyon ? Eske se kalite sitwayen ak sitwayèn nou genyen ki fè sa, oubyen èske se sistèm elektoral la ki pa cadre ak reyalite pa nou yo ? Men tou, nou dwe chèche konprann ki ideyoloji pwosesis elektoral la menm ap defann, si se pa sèvi ak vyolans pou defann nenpòt pozisyon pouvwa ak enterè. Chimen sa a pou kanalize epi pou ranfòse demokrasi a, gen yon sèl rezilta : l ap kraze enstitisyon yo, epi l ap fè yo vin pi fèb.

Si nou gade sitiyasyon peyi d Ayiti a nan fason sa a, li klè jan vyolans kriminèl, vyolans politik ak vyolans nan elekson ap kache Leta dedwa epi l ap asasinen demokrasi nan peyi d Ayiti. Poutèt pa genyen enstitisyon ki solid, pa gen dirijan ki konnen yo reskonsab toutbon nan diferan nivo yo, devan reyalite nou wè a, gen yon sèl rezulta nou jwenn : li mete avni nasyon an andanje.

Li lè li tan pou politisyen yo ki genyen yon pwojè sosyete pou peyi a, mete tèt yo deyò. Sosyete a dwe konprann enpòtans elekson yo genyen. Otorite ki la yo pa kapab fè lòt bagay : yo dwe konbat vyolans yon fason kòrèk, yo dwe elabore diferan politik publik ki montre ki posiblite peyi a genyen anfavè sektè yo nan popilasyon an ki sou kote.

Rovelsond APOLLON, Av

Men ki sa Komisyon an rekòmande

Komisyon Jistis ak Lapè gen tan fè anpil pwopozisyon pou metrize epi pou kontre ak diferan kalite vyalans ki genyen nan peyi a. Men pa gen anpil pwopozisyon ki jwenn bon akèy bò kote otorite yo.

- An n pran kòm egzanp kesyon dezameman an oswa retire tout zam ilegal nan men moun epi rejistre zam yo yon fason kòrèk, san pa gen paspouki pou nenpòt motif politik. Sa pokò pa janm kab fèt.
- Fason otorite ki nan machin ofisyèl yo ap konpòte nan trafik sou wout yo, se pwovoke y ap pwovoke moun, paske yo kondui brital epi y ap kreye danje pou lavi lòt moun ki nan lari.

Fwa sa a, Komisyon Jistis ak Lapè ensiste sou pwen sa yo :

1. **Pouvwa Egzekitif la dwe refè Konsèyè Siperyè Polis Nasyonal la (CSPN) pou l vin pi teknik olye li politik.**
2. **Pouvwa Egzekitifla ak Lejislatifla dwe revize lalwa k ap òganize fason pou Lapolis nasyonal la ap fonksyone, pou yo kapab kreye pi bon kòdinasyon lè l ap aji sou teren an.**
3. **Palman an ak pati politik yo dwe elabore yon kòd etik pou pati politik yo, ki fè pati yo ak politisyen yo pa pran chimen vyalans pou reyalize objektif yo.**
4. **Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la (CSPN) dwe mete sou pye yon plan sekirite espesyal pou pwoteje machann yo, gason kou fanm, nan zòn metropolitèn nan kont tout kalite vyalans ak tout kalite menas pou pran sa yo genyen.**
5. **Diferan sèvis yo ki dwe òganize trafik woutye a dwe òganize yon woumble sou sitiyasyon sikilasyon woutye a, konsa y ap kapab pran desizyon sou sa yo dwe fè pou asire sekirite pou moun ki nan trafik la.**

Analyse et commentaire du 51^{ième} et 52^{ième} rapport Sur la violence à travers la zone métropolitaine

Les faits saillants du semestre

Au cours des derniers six mois (avril-septembre 2014) la Commission Justice et Paix a documenté **583** cas de victimes de la violence, dont **488** sont mortes par balles. Pour le trimestre précédent, il y avait **269** victimes, dont **202** par balles.

Dans **47** cas, la cause de la mort n'a pas été identifiée ou enregistrée. Les indicateurs démontrent toujours que le premier vecteur (outil) de la violence dans la zone métropolitaine est le cas par balle.

La violence armée doit être prise très au sérieuse dans la capitale haïtienne. Elle se développe en fonction de plusieurs facteurs tant politiques que sociaux ; mais l'environnement politique haïtien se sert de la violence comme un outil de préférence pour réaliser des intérêts de clan. Faut-il croire qu'Haïti soit condamné éternellement à l'instabilité politique qui empêche son développement social et économique ? Faut-il conclure que nos hommes et femmes politiques soient incomptents pour conduire la société sur la route de la paix, la justice et le développement ? Une observation minutieuse permet de conclure que la violence est contrôlée et organisée selon les zones par un groupe politique déterminé.

La Commission Justice et Paix continue à s'inquiéter de la situation sécuritaire qui est banalisée par nos dirigeants à travers la propagande politique. Les armes entre les mains de différents secteurs de la vie nationale pour garantir des intérêts de groupes, font peur et menacent le bien vivre ensemble.

Rappelons des faits importants observés au cours du semestre :

- ✓ Au Centre ville de la capitale haïtienne plusieurs groupes armés imposent leur loi pour contrôler les activités commerciales. Les marchands et marchandes, attaqués mortellement en série par les bandits pour vider leur tablier, en sont les principales victimes.

Dans la zone du marché de Croix des Bossales, au Boulevard Lassaline, à la Rue des Césars, Rue des Fronts Forts, Rue Traversières, Rue des Remparts, Rue Courbes, Rue des Miracles, Rue Pavée, et à la Rue du Quai, environ 80 personnes ont été assassiné es par des bandits. 10 victimes sont tombées au marché de la Croix des Bossales pour le seul jeudi 25 septembre 2014, journée extrêmement sanglante, victimes de la guerre entre des gangs rivaux. Les *Madan Sara* (ou marchandes), qui sont la matrice de la commercialisation des produits agricoles, les commerçants grossistes, les acheteurs et chauffeurs sont à tout moment victimes de la fureur des gangs qui entretiennent des liens avec des personnes liées à la mairie de Port-au-Prince.

- ✓ Le quartier de Simon-Pélé est depuis plusieurs mois le théâtre de violence entre des gangs rivaux. **11 personnes ont été tuées, dont un policier dénommé Emmanuel Valsaint qui a été tué puis brûlé à bord de sa voiture**, sans compter les blessés et les gens qui sont contraints à abandonner la zone. Des gangs rivaux opèrent sous protection politique et criminelle et jouiraient de l'appui de certains policiers. La fameuse base 117, chassée de Delmas 2-4 serait à l'origine de cette guerre. La Commission Justice et Paix, *en date du 4 août 2014, a adressé une lettre au Directeur général de la PNH concernant l'insécurité dans ces quartiers.*
- ✓ Violence à Grande Ravine. Cette zone, réputée comme foyer de tension constante, est contrôlée par une bande criminelle qui dispose de cellules qui opèrent un peu partout dans la zone métropolitaine comme une entreprise de rente. **On se rappellera de l'implication de ce groupe de bandit dans l'assassinat de la famille Daniel et Gerdly Larèche Dorsainville, crime impuni jusqu'à date**. Les agents de police présents dans la zone, sont fortement limités et vivent sous des menaces constantes. Le puissant chef de gang Tikenkenn a été tué par son lieutenant **Doy**, le 24 juillet 2014, lors de la célébration en grande pompe de son anniversaire. Ce dernier s'est fait tuer quelques semaines plus tard par un autre chef, le nommé Tèt Kale. Tous font partie de ce même puissant groupe criminel opérant dans différents coins de la capitale.
- ✓ A Martissant 25, le dimanche 21 septembre 2014, des bandits à moto ont abattu le chef de gang dénommé **Pierre Richard Mulus**, ayant pour sobriquet Kansonfè, ainsi que trois femmes se trouvaient dans les parages. Tout laisserait à croire qu'il s'agit d'un règlement de compte.
- ✓ Dans le quartier de Bélékou de Cité Soleil, à l'aube du samedi 23 août 2014, des bandits appartenant à des groupes criminels avec des liens politiques, ont abattu froidement **5 personnes dont une femme**. Suivant les informations, cet acte aurait été perpétré dans le cadre du contrôle de certains quartiers de la Cité.
- ✓ Ajoutons à cette liste les nombreuses attaques d'individus ; les clients des banques sont des cibles privilégiés. Ainsi, le 12 juin 2014, des bandits à moto ont suivi et attaqué une dame revenant d'une banque du centre ville. Un des bandits a été tué après un échange de tir de longue durée, ce qui a entraîné une grande panique dans la zone de Saint Gérard. Les mesures pour assurer la sécurité autour des banques sont faibles. Les files d'attentes devant les banques et maisons de change se forment dans les rues ; les transactions aux guichets ont lieu sans aucune discréetion. Le service des clients dans les banques en général laisse à désirer. Aucune directive de l'Etat prescrit des principes à respecter.

Les affrontements entre gangs rivaux dans différents quartiers de la zone métropolitaine sont légion : Cité Soleil, Simon-Pélé, Lassaline, Delmas 2, Grande Ravine, Route des Dalles, Route Rail, 2^{ième} Avenue Bolosse, 5^{ième} Avenue Bolosse, Fort Mercredi, Savane Pistache, Village de Dieu, Cité l'Eternel, Carrefour Feuilles, pour ne citer que ces zones là. Plusieurs endroits de la zone métropolitaine ne sont pas sous le contrôle de la police qui peine à avoir un effectif suffisamment nombreux et compétent répondant à la réalité de la capitale. Nous laissons de côté dans ce rapport la réalité qui prévaut dans l'ensemble du pays.

La police peine toujours à se doter d'un plan efficace pour lutter et neutraliser la folie des criminels dans leurs forfaits. L'effort de la Police ne se fait pas ressentir suffisamment. Au contraire certains membres de l'institution sont complices ; la Police se sert des gangs pour obtenir des informations et se voit donc obligé de protéger des criminels ; le crime se banalise.

Le Conseil Supérieur de la Police Nationale qui a un rôle important dans la mise en place d'une vision sécuritaire adéquate est plus un organe politique que technique. Le Premier Ministre, Le Ministre de la Justice, le Ministre de L'Intérieur sont des éléments déstabilisant de la structure sécuritaire que représente l'institution policière car ils sont des personnages politiques. Le Directeur Général de la Police Nationale à ce niveau est tout simplement un exécutant.

Ce rapport attire l'attention sur la connivence entre la politique et la violence. Des autorités aux différents niveaux soutiennent des gangs, distribuent des armes et munitions. Certaines autorités se couvrent de leur immunité. Des partis politiques également distribuent des armes et soutiennent des groupes armés. Sans une réelle volonté politique, sans la pratique de l'éthique, de l'honnêteté et de la transparence dans la politique, il y peu de perspectives pour une amélioration rapide de la situation.

La Justice et la Police garantes de la sécurité des citoyens ont le devoir impérieux de combattre l'impunité dans laquelle patauge le pays. Le Gouvernement, à travers ses Ministères et leurs politiques publiques axées sur l'intérêt réel de la population doit créer le fondement de la justice sociale seul fondement d'une paix sociale réelle et durable.

Le trafic routier

Pour les 6 mois en considération, **40 personnes sont décédées** dans des accidents de circulation. La Commission Justice et Paix ne cesse d'attirer l'attention des autorités sur la triste réalité de la circulation sur les routes. Pas un jour ne passe sans accident grave avec des personnes blessées ou tuées ; ceci est dû régulièrement au manque de discipline des usagers, le manque d'organisation et de réglementation du trafic routier de la part de l'autorité. A dire vrai, les autorités participe largement au manque de discipline et aux cas tragiques d'accidents qui se produisent sur les routes !

Très peu d'enquêtes sérieuses dont publiées pour déterminer les raisons fondamentales de bon nombres de décès dans le trafic routier. Peu de mesures permanentes sont prises par les autorités pour limiter les dégâts. Voir *la note de presse de la Commission Justice et Paix publiée en date du 13 octobre 2014*, pour dénoncer cette situation qui porte atteinte à la personne humaine. Les autorités haïtiennes n'ont pas encore su faire appliquer toutes mesures prises par eux-mêmes de façon permanente.

Assassinats par arme blanche

Seulement **6 cas d'assassinat par arme blanche** ont été signalés pour le semestre ; ce qui montrerait une nette diminution de ce genre de cas. Comment comprendre ce fait ? Assisterait-on à une prise de

conscience de la part des citoyens ou à une plus grande confiance dans la Justice? Ou est-ce que la justice populaire se pratiquerait plutôt avec des armes à feu au lieu d'utiliser des pierres et des bâtons ? De toute façon, les lynchages, tout comme les exécutions sommaires, sont des atteintes graves aux droits humains.

Décès, cause inconnue

En même temps on compte 47 décès de personnes sans explication sur les circonstances qui entourent leur décès. D'autres cas concernant le manque de clarté du lieu où a été retrouvé le cadavre (47 cas) ou des données sur l'identité de la personne (140 cas). La Commission ne cesse d'analyser ces situations qui nécessiteraient plus de clarté pour permettre à la justice de faire des enquêtes efficaces. Les procès verbaux des juges de Paix ne sont pas clairs, la pratique de l'autopsie est quasi-inexistante et les enquêtes n'aboutissent pas. Le fait que la cause de la mort reste sans être élucidée signifie également que l'art. 34 du Code d'instruction criminelle n'est pas suivi ; l'article stipule ce qui suit : « *S'il s'agit d'une mort violente, ou d'une mort dont la cause soit inconnue et suspecte, le commissaire du Gouvernement se fera assister d'un ou de deux médecins, chirurgiens, ou officiers de santé, qui feront leur rapport sur les causes de la mort et sur l'état du cadavre. Les personnes appelées, dans le cas du présent, prêteront devant le commissaire, le serment de faire leur rapport et de donner leur avis en leur honneur et conscience. »* »

Les négligences signalées entraînent le non accès à la vérité des faits et conduisent à l'impunité des actes criminels.

Quelques considérations

Violence criminelle, violence politique et violence électorale Un trio qui asphyxie l'Etat de droit et tue la démocratie en Haïti!

La violence reste et demeure une menace pour la Personne Humaine et le bien vivre ensemble. La société haïtienne est confrontée à de nombreux problèmes qui peuvent déstabiliser l'ordre social quand ils sont mal adressés. Finalement il faut bien les adresser correctement en vue d'établir une paix sociale durable. Le progrès réel et social de toute société réside dans l'existence des institutions et structures pour assurer l'avenir sociétal. En plus, il faut diffuser et intérioriser une pensée républicaine où les citoyens s'entendent sur l'intérêt national, soutenue par des principes et valeurs qui construisent l'homme haïtien. En général quand on étudie la situation sécuritaire dans les grandes villes des pays de l'Amérique Latine et des Caraïbes, on établit le lien entre la violence et une série d'autres facteurs qui exercent des influences. C'est ainsi que le Journal *InSight Crime* (numéro du 28 novembre 2014) analyse la question.

Voici ce qui influence la violence dans les grandes villes de notre sous-Continent, selon cette analyse :

- L'expansion du marché de la drogue qui devient de plus en plus important.

- Les organisations criminelles qui se fractionnent davantage ; ainsi la criminalité devient plus diffuse et omniprésente ; ceci est lié partiellement à la question de la drogue.
- L'utilisation de groupes criminels pour sécuriser les routes où passe la drogue.
- La guerre civile a laissé dans plusieurs endroits comme héritage des groupes criminels très brutaux.
- Finalement la corruption et la criminalité s'infiltrent dans bon nombre de gouvernements locaux.

Les analyses du journal *CrimeInsight* situent Port-au-Prince au 49^{ème} rang des villes de l'Amérique latine et des Caraïbes, avec un taux de criminalité de 30.03 crimes (mortels) pour 100.000 habitants par an.

Si nos chiffres se rapprochent des observations par la Commission, par contre, l'analyse met des accents différents. Déjà la drogue ne prend pas toute cette espace. Les facteurs à souligner en Haïti sont :

- La réalité de la misère, le chômage et le sous-emploi, qui crée la frustration parmi les couches sociales marginalisées, quand elles sont confrontées à l'étalage des biens de consommation et aux gaspillages par les classes dominantes. Avec cela, la Commission ne prétend pas que ce sont les pauvres qui pratiquent la violence. Au contraire. La violence armée est coûteuse. Seulement, la misère et les frustrations permettent à la violence de s'installer plus facilement dans les quartiers populaires.
